

DANJE NAN PENTI ABAZ PLON NAN KAY LA

Sa lokatè yo ta dwe konnen sou dwa
yo ak responsablite yo





SA OU DWE KONNEN SOU PENTI ABAZ PLON

Plon se yon pwazon yo jwenn souvan nan ansyen penti. Penti abaz plon, ak pousyè li vin tounen an, se sous Anpwazònman plon idantifye ki touche plis timoun. Anpwazònman plon ka lakòz pwoblèm pou timoun yo aprann ak pwoblèm nan konpòtman yo. Yo te entèdi moun itilize penti abaz plon nan bilding rezidansyèl nan Vil New York (New York City, NYC) nan lane 1960. Bilding yo ki te bati anvan 1960 ka toujou gen penti abaz plon sou mi yo, fenèt yo, rebò fenèt yo, pòt yo ak lòt sifas.

Si penti kòmanse dekalè oswa reparasyon kay yo ap fèt yon fason danjere, penti abaz plon ak pousyè ka gaye lakay ou. Lè timoun yo mete men yo ak jwèt yo nan bouch yo, yo ka vale pousyè plon.

Gen lwa ak sèvis nan NYC pou ede pwoteje timoun yo kont anpwazònman plon. Pwopriyetè yo dwe idantifye epi rezoud danje penti abaz plon nan apatman kote timoun 5 lane oswa pi piti ap viv oswa kote yo pase regilyèman 10 oswa plis èdtan pa semèn. Lwa sa yo aplike si bilding lan gen twa (3) oswa plis apatman epi li te konstwi bilding lan avan 1960 (oswa ant 1960 ak 1978 si pwopriyetè a konnen bilding lan gen penti abaz plon), oswa si gen yon inite lokasyon nan yon kay yon (1) fanmi oswa de (2) fanmi.



SA OU DWE KONNEN SOU LALWA

Li enpòtan pou lokatè yo konnen dwa ak responsablite yo.

PWOPRIYETÈ yo dwe:

- Chèche konnen si nenpòt timoun 5 lane oswa pi piti ap viv la oswa regilyèman pase 10 èdtan oswa plis chak semèn nan bilding lan, epi enspekte apatman sa yo pou danje penti abaz plon chak ane.
- Repare danje ak pwoblèm penti abaz plon nan tout apatman lokasyon yo, epi sa gen kay youn (1) ak de (2) fanmi yo, avan lokatè a demenaje.
- Sèvi ak pratik travay ki pa danjere epi ak travay ki fòme lè w ap rezoud pwoblèm danje penti abaz plon ak lè w ap fè travay reparasyon jeneral ki deranje penti abaz plon an.
- Itilize konpayi ki gen sètifikasyon Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal Etazini (Environmental Protection Agency, EPA) lè w ap deranje plis pase 100 mètr kare penti abaz plon, w ap ranplase fenèt oswa regle sitasyon pou vyolasyon Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman NYC te ba ou.

LOKATÈ YO dwe:

- Ranpli epi retounen avi anyèl yo resevwa nan men pwopriyetè yo. Fòm sa a di pwopriyetè a si nenpòt timoun ki gen mwens pase 5 lane ap viv nan apatman an oswa yo pase tan la regilyèman.
- Notifye pwopriyetè bilding lan alekri si gen yon tibebe oswa yon timoun ki gen 5 lane ki vin viv nan apatman an oswa ki kòmanse pase 10 oswa plis èdtan pa semèn nan apatman an.

PRATIK KI SAN DANJE YO GEN LADAN:



Afiche siy avètisman yo deyò espas travay la.



Deplase ak kouvri tout mèb epi bouche planche yo, pòt yo, ak lòt kote ki ouvri yo ak plastik avèk adezif enpèmeyab.



Netwaye espas travay la chak jou ak oswa mòp ki mouye oswa yon vakyòm HEPA, epi netwaye mòp mouye yo ANSANM ak vakyòm HEPA a apre travay la fini.



Fè yon moun ki fòme pran sèvyèt mouye pou netwaye pousyè apre travay la fini pou garanti nivo pousyè plon an pa danjere epi bay lokatè a yon kopi rezilta yo.

Pwopriyetè yo ak konpayi k ap travay yo pa dwe JANM grate oswa sablonnen penti abaz plon.



KISA OU KA FÈ POU PWOTEJE TIMOUN KONT PLON NAN PENTI.

- Si ou wè penti k ap dekalè nan apatman ou a, di pwopriyetè ou a sa.
- Si pwopriyetè ou a pa regle pwoblèm penti k ap dekalè a oswa si ou panse reparasyon an pa te fèt san danje, rele **311** pou mande yon enspeksyon gratis.
- Lave planche, rebò fenèt, men, jwèt ak sousèt yo souvan.
- Raple doktè ou pou li teste pitit ou pou anpwazonman plon lè li gen 1 lane ak 2 lane. Mande doktè a enfòmasyon sou tès pou timoun ki pi gran. Si ou pa gen yon doktè, rele **311** pou konnen ki kote pou w fè pitit ou teste.





OU KAPAB ANPECHE ANPWAZÒNMAN PLON

RELE 311 pou:

- Pote plent pou pratik travay ki fèt yon fason danjere
- Jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou w evite anpwazònman plon.
- Kòmande yon kit tès plon gratis pou dlo pou bwè. Ou pral resevwa rezilta yo nan yon delè 30 jou apre ou soumèt echantiyon dlo a.
- Konnen ki kote pou pitit ou ka teste ak jwenn tretman pou anpwazònman plon.
- Kòmande plis kopi tiliv sa a oswa lòt materyèl sou prevansyon anpwazònman plon.

Pwopriyetè bilding ki gen plizyè lojman yo (twa (3) oswa plis apatman) dwe bay lokatè yo tiliv sa a lè yo siyen yon kontra-lwaye oswa demenaje nan yon apatman si yo te konstwi bilding lan avan 1960 (oswa ant 1960 ak 1978 si pwopriyetè a konnen bilding lan gen penti abaz plon) oswa si gen yon inite lokasyon nan yon kay yon (1) fanmi oswa de (2) fanmi. Tiliv sa a gen enfòmasyon jiridik debaz sou epi nou ba ou li sèlman rann li pi pratik pou ou. Pou jwenn yon kopi lwa a ak règ li yo, ale sou nyc.gov/hpd epi chèche "**lead poisoning**" (anpwazònman plon).

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou anpeche anpwazònman plon, ale sou nyc.gov/leadfree.